

BIWO KONSEYE JENERAL LA  
Divizyon Operasyon Direksyon

MEMORANDÒM GC 11-62

7 Jwen 2022

POU: Tout Direktè Rejyonal yo, Fonksyonè  
Responsab yo ak Fonksyonè Rezidan  
yo,

DEPI BIWO: Richard A. Siegel, Konseye Jeneral Asosye SIJÈ:

Pwosedè Modifye nan Konsiderasyon Sitiyasyon

Imigrasyon

Pwoblèm ki Genyen Pandan Pwosedè NLRB

Memorandòm sa a bay yon ti entwodiksyon nan pwoblèm ki konsène sitiyasyon imigrasyon, ak yon mizajou konsènan fason pwoblèm konsa yo ta dwe rezoud pandan ankèt ak pwosedè NLRB. NLRA pwoteje tout anplwaye ki konsène nan Lwa a kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo;<sup>1</sup> men, pwoblèm sitiyasyon imigrasyon ka afekte reparasyon yo epi pafwa yo ka prezante lòt difikilte pratik pou ranfòsman Lwa a. Lè nou ogmante GC-06, memorandòm sa a bay lòt oryantasyon pou pwosedè yo lè gen pwoblèm ki konsène sitiyasyon imigrasyon pandan n ap travay sou afè NLRB. Li idantifye tou ajans imigrasyon ki gen otorizasyon pou bay èd imigrasyon ak lòt asistans pou moun ki viktim nan diskriminasyon oswa lòt temwen yo nan pwosedè NLRB. Rejyon yo ta dwe kontakte DAGC Peter Sung Ohr nan Divizyon Operasyon-Direksyon kèlkeswa lè gen pwoblèm ki ka bezwen asistans ajans imigrasyon sa yo jan sa dekri anba a.

## A. Enfòmasyon Jeneral

### 1. Ajans Imigrasyon yo

Paske òganizasyon Depatman Sekirite Teritwa Etazini (“Dh”)nan ane 2002, responsablite prensipal pou pwoblèm imigrasyon yo separe ant twa ajans yo andedan DHS:

- Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (“USCIS”) responsab pou pwononse sou avantaj imigrasyon, tankou viza;
- Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (“ICE”) mennen ankèt sou vyolasyon imigrasyon, ranfòse lwa a, tankou pouwit nan lajistis aksyon depòtasyon yo devan jij imigrasyon yo nan Depatman Lajistis;
- Patwouy Ladwàn ak Fwontyè responsab (“CB”)responsab pou pwoteje fwontyè fizik yo ak pwen antre yo.

Nan limit lalwa, USCIS, ICE, ak CBP gen otorizasyon pou deside si, kilè ak fason pou ranfòse lwa a nan chak afè patikilye ki vini nan jiridiksyon yo chak apa. See Reno v. American-Arab Anti-Discrimination Comm., 525 U.S. 471, 483-87 (1999). Nan

---

<sup>1</sup> Sure-Tan, Inc. v. NLRB, 467 U.S. 883 (1984); see Hoffman Plastic Compounds, Inc. v. NLRB, 535 U.S. 137, 152 (2002) (yon fason fòmèl pou re-afime prensip sa a, nan limite reparasyon yo yon fason pou evite konfli avèk lwa imigrasyon).

Pou egzès otorizasyon sa a, ajans imigrasyon yo pral konsidere, pami lòt bagay yo, kolaborasyon nan [m]oman an oswa kolaborasyon pase [moun nan] avèk . . . Otorite ranfòsman lalwa, tankou Pwokirè Etazini, Depatman Travay, oswa Konsèy Nasyonal Relasyon Travay, pami lòt yo.” Memorandòm, “Fason pou Egzès Otorizasyon pou pouswit nan Lajistis,” Manm Komisyon Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon Doris Meissner, paj 8 (17 Novanm 2000); gade tou Memorandòm, “Ranfòsman Sivil Imigrasyon: Priyorite pou Arestasyon, Detansyon, ak Depòtasyon Etranje,” Asistan-Sekretè Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn John Morton paj 4 (30 Jwen 2010); OM Memo 97-11” Relasyon avèk Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS) Etazini Depatman Lajistis” (14 Fevriye 1997).

## 2. Sitiyasyon imigrasyon

Moun ki pa sitwayen ameriken <sup>2</sup> ka tonbe nan youn nan de kategori jeneral sitiyasyon viza legal:

- **Viza imigran yo** bay sitiyasyon kòm yon Rezidan Pèmanan Legal, nou konsidere souvan kò yon “grinkat.” Anjeneral, Rezidan Pèmanan Legal yo gen otorizasyon pou yo travay. Sitiyasyon sa a pa ekspire men yo kapab sispann li nan anpil kalite sikonstans, tankou sèten kondanasyon kriminel.
- **Viza Non-imigran yo** la pou yon ti tan epi y ap ekspire nan yon sèten kantite tan ki defini. Gen anpil kalite viza non-imigran diferan, pi souvan yo pote non sou-seksyon obligatwa nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (“INA”) ki kreye chak sèten kalite. INA, Pub. L. 82-414, selon amannman, gade 8 U.S.C. § 1101, et seq. Pa egzanp “viza H-2B” konsène viza travayè pou yon ti tan ki detèmine selon INA § 101(a)(15)(H)(ii)(b), (gade anba a). Enpòtans ak kalite otorizasyon pou travay la pa menm ditou pami viza non-imigran yo:
  - Anpil nan kalite viza non-imigran komen sa yo pa bay Otorizasyon pou Travay, tankou viza B-1 pou biznis, viza B-2 pou touris ak vizitè pou tan kout ki konsène nan pwogram egzanpsyon viza, vizitè ki soti nan, paregzanp, Japon, Repiblik Tchekoslovaki, , Itali, Angletè, elatriye.).
  - Yon kantite viza bay **Otorizasyon Limite pou Travay**, sitou viza moun jwenn nan travay (alapas fanmi oswa azil). Yon otorizasyon pou travay konsa la sèlman pou yon sèten patwon; konsa, viza a poukont li fini si relasyon travay la fini, epi si ansyen anplwaye a gen obligasyon dapre lalwa pou kite peyi a. Kèk nan kalite viza sa yo se viza H-1 pou pwofesyonèl yo, viza H-2B pou moun ki pa pwofesyonèl, ak viza L pou anplwaye ki jwenn transfè entè-konpayi yo.
  - Kèk nan viza yo bay Otorizasyon pi laj pou travay ki pèmèt travay pou nenpòt patwon pami viza sa yo gen pòsyon nan kantite tan kèk viza etidyan viza fyanse K-1 epi viza ranfòsman lalwa T, U ak S<sup>3</sup> (ki dekri okonplè anba a).

<sup>2</sup> “Tout moun ki fèt oswa ki natiralize nan Etazini” se sitwayen anba Katòzyèm Amannman an. Anjeneral sitwayen yo pa gen pwoblèm sitiyasyon imigrasyon lè y ap travay nan Etazini. Yo te kreye viza S nan ane 1994 kòm yon pwogram pwovizwa epi yo te fè li vin pèmanan nan ane 2001 epi li bezwen sètifika Pwokirè Jeneral la epitou yo limite a 200 viza chak ane. Viza sa yo disponib sèlman pou moun ki bay enfòmasyon kont òganizasyon oswa antrepriz kriminel yo. 8 U.S.C. § 1101(a)(15)(S)(i). Yon lòt 50 viza disponib kote Sekretè-Deta a ak Pwokirè Jeneral la bay sètifika pou yon moun ki bay enfòmasyon fyab sou òganizasyon teworis yo. 8 U.S.C. § 1101(a)(15)(S)(ii); 8 U.S.C. § 1184(k)(1).

Vyolasyon dire viza—swa si moun nan travay lè li pa gen otorizasyon oswa si li by “depase dire” a apre ekspirasyon yon viza—kapab lakòz moun nan pèdi sitiyasyon viza a ak depòtasyon li nan peyi a. Answit, si moun yo antre nan peyi a san okenn sitiyasyon imigrasyon ki valab, yo vyole lwa imigrasyon epi sa kapab lakòz depòtasyon yo; anjeneral, nou konsidere moun konsa kòm “**moun ki pa gen papye imigrasyon**”

## **B. Pwosedi pou Rezoud Pwoblèm Sitiyasyon Imigrasyon**

Jan sa note, NLRA pwoteje anplwaye ki konsène yo kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo. Poutèt sa, sitiyasyon imigrasyon (oswa mank sitiyasyon imigrasyon) swa nan pwosedi reprezantasyon yo oswa nan etap merit pwosedi pratik travay enjis. Jan sa endike, nan GC-02-06, “Pwosedi yo ak Reparasyon pou Moun ki Viktim yo nan Diskriminasyon epi ki Ka se Etranje san Papye Imigrasyon apre Hoffman Plastic Compounds, Inc.” paj 6:

- Anjeneral, rejyon yo ta dwe sipoze anplwaye yo gen otorizasyon legal pou travay. Rejyon yo pa ta dwe fè yon ankèt *sua ponte* sou imigrasyon epi yo ta dwe rejte kesyon ki konsène sitiyasyon imigrasyon moun ki viktim nan diskriminasyon an nan etap merit la.
- Rejyon yo ta dwe fè ankèt sou sitiyasyon imigrasyon moun ki viktim nan diskriminasyon an sèlman apre yon moun ki reponn fè konnen egzistans yon vrè pwoblèm [pandan etap reparasyon an].
- Rejyon yo ta dwe fè yon ankèt depi yo mande Sendika a, moun konsène ki depoze akizasyon an ak/oswa moun ki viktim nan diskriminasyon an pou bay repons pou prèv patwon an.

Rejyon yo ta dwe kontinye swiv règleman sa a epi yo ta dwe konsilte GC 02-06 pou yo jwenn lòt enstwiksyon.

Malgre sa, pwoblèm imigrasyon pafwa entwodui yon fason inevitab nan pwosedi NLRB yo. Paregzanp, ICE oswa CBP ka mete an detansyon moun ki viktim diskriminasyon nan NLRB, temwen yo oswa anplwaye ki kalifye pou vote. Answit, sitiyasyon imigrasyon ka gen yon rapò senp avèk yon pratik travay enjis, tankou kote konduit ki gen menas imigrasyon oswa konduit asosye se baz akizasyon pou pratik travay enjis. Finalman, pwoblèm nan ka ase senp pou yon anplwaye ki bay enfòmasyon avèk volonte li sou sitiyasyon imigrasyon li oswa ki mande Rejyon konsèy oswa asistans nan afè imigrasyon.

Rejyon yo pa ta dwe bay konsèy nan afè imigrasyon. Rezolisyon pwoblèm sa yo fèt pi byen lè anplwaye yo kapab jwenn konsèy nan afè imigrasyon avèk sendika yo oswa avèk yon avoka imigrasyon endepandan. Rejyon yo ka bay moun ki enterese yo referans nan lis founisè sèvis imigrasyon akredite Depatman Lajistis konsève epi yo jwenn sou sitwèb <http://www.justice.gov/eoir/ra/raroster.htm>.<sup>4</sup> Pafwa moun yo fè erè sou sitiyasyon imigrasyon yo epi Rejyon yo pa ta dwe sipoze enfòmasyon yo kòrèk lè se yon moun ki pa reprezante ki bay enfòmasyon yo.

## **C. Fason pou Chèche Asistans nan Ajans Imigrasyon Konsènan Pwoblèm Sitiyasyon**

Jan sa endike anba a, nan sèten ka kote sitiyasyon imigrasyon an pa gen yon enpòtans patikilye, Ajans lan ka decide chèche asistans youn nan ajans imigrasyon yo pou avanse

<sup>4</sup> Kòm yon sèvis piblik, Rejyon an kapab mete kopi lis òganizasyon yo rekonèt nan moman an ak moun ki akredite yo nan yon klasè nan yon zòn ki deziyen nan biwo rejyonal la pou piblik la itilize.

Ranfòsman efikas NLRA. Ajans sa yo ta ka ede nan bay reparasyon avèk viza, aksyon imigrasyon defere pwosedi NLRB ak/oswa liberasyon moun yo nan detansyon, oswa bay aksè pou temwen ki nan detansyon. Rejyon yo ta dwe konsilte avèk DAGC Peter Sung Ohr ki nan Divizyon Operasyon-Direksyon lè gen pwoblèm konsa.

Rejyon yo ta dwe diskite tou avèk Divizyon Operasyon-Direksyon an sou afè ki konsène sikonstans sa yo: 1) kote sitiyasyon imigrasyon yon moun ki konsène nan afè a pèdi, sitou akòz aktivite pwoteje nan tèt ansanm; 2) kote prezans moun sa a nan peyi a enpòtan pou ranfòsman Lwa a avèk efikasite; 3) kote patwon an abize pwosesis NLRB oswa imigrasyon; epi/oswa 4) kote patwon an te konnen oswa te fè espre pou pa sonje anplwaye a pa gen sitiyasyon imigrasyon. Sikonstans sa yo reprezante ilustrasyon senp epi ka gen lòt sikonstans kote li ta pridan pou konsilte avèk Divizyon Operasyon-Direksyon an.

### **1. Pèt Sitiyasyon, Sitou Kote Sitiyasyon an Pèdi Akòz Aktivite Pwoteje nan Tèt Ansanm**

Afè ki konsène sitiyasyon legal imigrasyon yo retire nan travay ilegalman kòm yon rezilta dirèk yon pratik travay enjis se afè ki trè konvenkan. Paregzanp, jan sa te note anvan, yon anplwaye ki gen yon viza travay pou non-imigran—tankou viza H oswa viza L—pral depannde kontinyasyon travay avèk yon sèten patwon pou li kapab konsève sitiyasyon imigrasyon li epi rete nan peyi a legalman. Yon patwon ki te revoke yon anplwaye konsa nan vyolasyon, paregzanp, Seksyon (a)(1) oswa 8(a)(3) ta lakòz anplwaye a pèdi sitiyasyon viza li yon fason ilegal. Answit, ankèt, pouswit nan lajistis, ak reparasyon pratik travay enjis la ta pètèt bloke akòz absans nan peyi a moun ki viktim nan diskriminasyon an. Men, si moun nan rete nan peyi a pou pouswiv pratik travay enjis la nan lajistis, sa kapab lakòz moun ki viktim nan diskriminasyon an jwenn sanksyon imigrasyon epi sa kapab konplike konsiderasyon yo pou reparasyon—menmsi anplwaye a te toujou respekte lwa imigrasyon epi li te pèdi sitiyasyon imigrasyon li yon fason ilegal.

Answit, afè kote moun yo te pèdi sitiyasyon imigrasyon legal yo pou nenpòt nan anpil kalite lòt rezon ka bezwen asistans tou nan ajans imigrasyon yo pou yo kapab rete nan peyi a pou yo patisipe nan pwosedi NLRB. Kategori sa a gen ladan afè kote genyen senpleman ekspirasyon yon viza non-imigran pou yon ti tan.

### **2. Enpòtans Prezans Moun ki konsène a na Peyi a pou Ranfòsman Lwa a avèk efikasite**

Pwoblèm sitiyasyon imigrasyon ka nuizib pou ranfòsman ak aplikasyon NLRA avèk efikasite lè sa, paregzanp, afekte disponiblite moun ki viktim yo nan diskriminasyon ak temwen enpòtan yo pandan pwosedi NLRB yo. Nan afè konsa yo, li ka apwopriye pou chèche asistans ajans imigrasyon yo.

Answit, atansyon patikilye nesèsè kote ULP yo sipoze a gen rapò avèk konduit ki ekstrèman move tankou presyon fizik, sèvitid envolontè, chantaj, oswa vyolasyon lòt lwa. Egzanp presyon fizik ak sèvitid envolontè ka gen ladan pran paspò yon anplwaye oswa enpoze kondisyon travay ilegal. Egzanp chantaj ka gen ladan nuizans aktivite pwoteje avèk menas ilegal pou fè vanjans tankou menas pou rele otorite imigrasyon oswa menas pou “fè chantaj” sou anplwaye yo. Nan afè konsa yo, gen lòt reparasyon nan afè imigrasyon ki

Ka disponib. Tankou yon viza ranfòsman lalwa tankou viza U oswa viza T.<sup>5</sup>Li enpòtan anpil pou Rejyon yo kontakte Divizyon Operasyon-Direksyon an lè gen pwoblèm konsa.

### **Viza T:**

Yo te kreye kategori viza T nan ane 2000 avèk Lwa 2000, Pub konsènan Pwoteksyon Moun ki Viktim nan Trafik Vyolans. L. 106- 386. Viza sa a disponib kote moun ki aplike a se yon viktim nan “fòm grav trafik sou moun,”<sup>6</sup> epi viktim nan dwe prezan nan Etazini akòz trafik la. 8 U.S.C. § 1101(a)(15)(T)(i)(II). Viktim nan dwe te swa “konfòme li avèk nenpòt demann rezonab pou asistans nan ankèt oswa pouswit nan lajistis pou zak trafik konsa sou moun oswa [l]i gen mwens pase 15 ane. 8 U.S.C. § 1101(a)(15)(T)(i)(III).

Answit, viktim nan dwe pwouve li gen “difikilte ekstrèm ki gen rapò avèk domaj grav la” si yo te depòte viktim nan. 8 C.F.R. § 214.11(i) (deskripsyon nòm pou bay prèv pou difikilte ekstrèm). Gen limit tou nan chif pou yo bay 5000 viza T chak ane.

Viza T yo dire twazan epi yo gen ladan otorizasyon pou travay otomatikman. 8 C.F.R. § 214.11(l)(4)(otorizasyon pou travay); § 214.11(p)(dire twazan). Manm fanmi viktim yo kapab jwen viza T tou: viza T manm fanmi yo pa depannde limit kantite nimerik. 8 C.F.R. § 214.11(o). Viza T yo gen ladan chemen pou vin yon rezidan legal pèmanan. 8 C.F.R. § 214.11(p)(2).

Viza sa a kapab anvigè nan kèk afè ki vini devan NLRB. Paregzanp, kote yo mennen yon moun ki viktim nan diskriminasyon nan peyi a anba fo pretansyon epi yo izole moun sa nan kondisyon lamizè, yon viza T ka disponib. Men, nan pifò afè yo, viza T yo ka pa disponib swa paske moun nan te antre nan Etazini san se pat nan okenn trafik, oswa sikonstans yo pa monte nan nivo trafik grav USCIS egzije.

Nan afè kote yon viza T ka anvigè, Biwo Rejyonal la ta dwe kontakte DAGC Peter Sung Ohr imedyatman nan Divizyon Operasyon-Direksyon.

### **Viza U:**

Tankou viza T, kategori viza Ute kreye avèk Lwa konsènan Pwoteksyon Moun ki Viktim nan Trafik ak Vyolans Viza U anvigè kote aplikan non-imigran an se viktim nan youn nan “krim admisib” sa yo nan Etazini:

kadejak; soufrans ekstrèm; ensès; vyolans nan kay; atak seksyèl; kontak seksyèl abizif, pwostitasyon; eksplwatasyon seksyèl; defòmasyon jenital fanm, yo kenbe moun nan kòm otaj; kaptivite, sèvitid envolontè; komès esklav; kidnaping; anlèvman, restriksyon kriminèl ilegal; fo anprizònman; chantaj; kraponay;

<sup>5</sup> Viza sa yo disponib pou moun ki viktim nan sèten krim admisib epi ki kolabore avèkajans ranfòsman lalwa. 8 U.S.C. § 1101(a)(15)(T) ak (U); 8 C.F.R. § 214.14.

<sup>6</sup> Ki defini kòm “trafik sèks kote yon lwa kont sèks komèsyal pwovoke avèk lafòs, fwod, oswa presyon, oswa kote moun ki jwenn anpil ankourajman pou fè zak konsa poko gen laj 18 tan; oswa nan rekritman, avèk ebèjman, transpò, pwovizyon, oswa jwen nan men moun nan travay oswa sèvis, avèk itilizasyon lafòs, fwod, oswa presyon pou objektif sibòdinasyon nan sèvitid, kaptivite, sèvitid pou det, oswa esklavaj.” 8 C.F.R. § 214.11(a).

Omisid; ansasinay; atak kriminèl; koripsyon temwen; blokaj lajistis; fo temwayaj, oswa solisitasyon pou fè nenpòt nan krim ki endike anwo a.

8 U.S.C. 1101(a)(15)(U)(iii).

Moun ki aplike pou viza U dwe prezante Fòm I-918, “Petisyon pou sitiyasyon non-imigran U nan USCIS pou konsiderasyon, ansanm avèk fòm B siplemantè ki ranpli ak sètifye epi yo dwe ranpli fòm sa a nan yon ajans ki responsab “pou deteksyon, ankèt a, pouswit nan lajistis, kondanasyon , oswa enpozisyon santans pou aktivite kriminèl admisib.” See 8 C.F.R. § 214.14(c)(2)(i); Enstwiksyon pou I- 918, Sipleman B nan 2. Lè ajans lan ap ranpli sipleman B, li dwe sètifye moun ki prezante Fòm I-918.se yon viktim nan yon sèten aktivite kriminèl admisib epi li te oswa ka vin itil nan ankèt oswa nan pouswit aktivite a nan lajistis. Gade 8 C.F.R. § 214.14(c)(2).

USCIS te entèprete lis krim admisib sa yo pou Viza U nan yon fason jeneral, epi yo te deklare nan dokiman kontwòl enpòtan yo lis sa a se yon lis ki gen ladan “kategori jeneral aktivite kriminèl. Se pa yon lis ki okonplè. Nenpòt aktivite ki sanble avèk aktivite yo ki nan lis la ka yon aktivite kriminèl admisib.” Nouvo Klasman pou Viktim nan Aktivite Kriminèl; Kalifikasyon pou Sitiyasyon Non-Imigran U, Règ Final Pwovizwa. 72F.R. 53014, 53018 (17 Septanm 2007).

Si yon Biwo Rejyonal resevwa yon demann pou ranpli yon fòm B pou sètifye yon aplikasyon pou Viza U, Rejyon an ta dwe kontakte DAGC Peter Sung Ohr imedyatman nan Divizyon Operasyon-Direksyon. Okòmansman, se pral responsablite Biwo Rejyonal la pou fè yon ankèt sou si aplikan non-imigran an te viktim nan yon aktivite kriminèl admisib epi l ap vin,. Li t ap vin oswa li ka vin itil pou ankèt la sou aktivite a. Aktivite kriminèl admisib la dwe gen rapò avèk pratik travay enjis ki gen merit yo sipoze ki fèt nan ULP anba ankèt NLRB ap fè a.

Nan finisman ankèt Rejyonal la, Rejyon an ta dwe prezante yon rekòmandasyon alekri ba Divizyon Operasyon-Direksyon pou fè yo konnen si akizasyon ULP gen rapò avèk aktivite kriminèl kalifye nan limit siyifikasyon sitiyasyon Viza U epi si aplikan non-imigran an te demontre li t ap vin , l ap vin oswa li ka vin itil pou ankèt la.

Viza U ta dwe anvigè nan yon pi gwo kantite afè pase Viza T akòz gravite krim ki kalifye yo. Lis la gen ladan yon kantite krim ki ka genyen nan espas travay la, epi ki reprezante pratik travay enjis nan kèk afè tou, tankou “kaptivite, sèvitid envolonètè; . Restriksyon kriminèl ilegal, fo anprizònman; chantaj, kraponay; . . Omisid. atak kriminèl; koripsyon temwen; blokaj lajistis; fo temwayaj, oswa solisitasyon pou fè nenpòt nan krim ki endike anwo a.”

Reparasyon yo bay avèk Viza U sanble anpil avèk reparasyon ki disponib avèk Viza T: yon dire anjeneral ki se twa zan oswa katran (USCIS ka pwolonje kantite tan apre kat ane antou), otorizasyon pou travay, viza pou manm fanmi ak yon chemen pou vin yon rezidan pèmanan legal. 8

C.F.R. § 214.14(g), (c)(6), (f), (g)(2), respectively.

### 3. Abi Pwosesis la: Vanjans Avèk Sitiyasyon Imigrasyon

Si yon Viza T oswa U ka disponib oswa ka pa disponib pou yon moun ki konsène nan yon pwosedi Konsèy la, Rejyon yo ta dwe kontakte Divizyon Operasyon-Direksyon nan afè kote yon patwon pran avantaj nan pwoblèm sitiyasyon imigrasyon nan yon tantativ pou abize pwosesis NLRB epi kontrarye ranfòsman efikas lalwa. Kèk egzanp nan kalite konpòtman sa a se rele oswa menase pou rele ICE kòm vanjans pou aktivite pwoteje nan tèt ansanm, site sitiyasyon imigrasyon kòm yon pretèks pou revokasyon ilegal, epi fè referans nan sitiyasyon imigrasyon nan yon fason menasan oswa sijestif pandan reprezantasyon oswa pwosedi ULP.<sup>7</sup>

### 4. Konesans Patwon oswa Inyorans Volontè sou Sitiyasyon Anplwaye ki pa gen Papye Imigrasyon

Rejyon yo ta dwe kontakte Divizyon Operasyon-Direksyon tou nan afè kote yon patwon ki reponn fè ULP kont yon anplwaye lè patwon an konnen anplwaye a pa gen otorizasyon pou travay oswa lè li fè espere pou montre li pa konnen sa. Patwon sa yo reprezante yon menas serye nan ranfòsman NLRA paske yo fè espere pou pran avantaj nan mank sitiyasyon imigrasyon anplwaye a, Nan pifò ka sa yo, anplwaye yo konnen oswa sispèk patwon an konnen sitiyasyon imigrasyon yo, epi konsa yo dekouraje egzès dwa legal yo menm kote yo pa fè menas vizib konsènan sitiyasyon imigrasyon.

Kalite prèv ki demontre yon patwon te konnen oswa te fè espere pou pa t konnen sitiyasyon imigrasyon travayè yo gen ladan: lè patwon an pa mande dokiman I-9,<sup>8</sup> konplisite nan aksepte fò dokiman I-9 documents, ak aranjman pou fè peman anba-tab. Menas pou pran mezi ki baze sou sitiyasyon imigrasyon oswa lòt deklarasyon pou rekonèt sitiyasyon imigrasyon anplwaye a montre patwon an konnen oswa fè tankou li pa konnen sitiyasyon an<sup>9</sup>

### Konklizyon

Menmsi Rejyon yo pa ta dwe enterese nan sitiyasyon imigrasyon *sua ponte*, nan afè kote gen pwoblèm konsa, ajans imigrasyon yo ka akòde èd imigrasyon oswa pran desizyon favorab yon fason pou yo kapab asiste NLRB nan ranfòsman NLRA. Rejyon yo ta dwe kontakte DAGC Peter Ohr nan Divizyon Operasyon-Direksyon nan tout afè kote sikonstans yo pètèt jistifye itilizasyon pwosesis sa yo

/s/  
R.A.S.

Cc: NLRBU  
Kominikasyon pou Piblik la

---

Anjeneral, yon patwon ka evoke sitiyasyon imigrasyon an pandan pwosedi ULP pou bay reparasyon kòm yon defans pou aryere salè ak reyentegrasyon. GC 02-06; see Hoffman Plastic Compounds, Inc. v. NLRB, 535 U.S. 137 (2002); NLRB v. Domsey Trading Corp., \_F.3d\_, 10-3356, 2011 WL 563688 (2d Cir. 18 Fevriye 2011) (“[N]ou jwenn patwon yo ka kont-entèwoje moun ki aplike yo pou aryere salè anrapò sitiyasyon imigrasyon yo, epi yo ka kite sa baKonsèy la pou kreye règ prèv yo ki konsistan avèk Hoffman.”).

<sup>8</sup> Dokiman akseptab pou detèmine idantite ak kalifikasyon yon travayè pou li travay nan Etazini. Rechèch enfòmasyon konsa ta dwe konsistan avèk gid yo ki nan GC 02-06.